



Pou Piblikasyon Imedya: 30/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN PWEN YO NAN BIDJÈ ANE FISKAL 2019 LAN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran pwen nan Bidjè Ane Fiskal 2019 lan. Bidjè a ap ajoute sou kantite rekò Eta ki ap bay rezilta pou moun New York yo nan fè pi gwo investisman depi toutan nan edikasyon K-12, adopte yon kalandriye pou fanm yo ki ap mennen nan nasyon an, fè vanse solisyon transpò 21èm syèk yo, pwoteje kontribiyab yo kont chanjman fiskal federal yo, ranfòse klas mwayèn lan, epi fè investisman estratejik nan avni New York pou atire kwasans epi kreye opòtinite pou tout moun. Pou ywityèm ane konsekitif, Bidjè a ekilibre epi li kenbe kwasans depans yo a 2 pousan oswa pi piti.

“Bidjè sa se yon plan global pwogresif pou aksyon pwogresis ki ap ajoute sou sèt ane reyisit, epi ede New York kontinye ap mennen nan mitan yon daso ki konsète epi ki ap dire anba men Washington sou valè ak prensip nou yo”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Nou ap mete an plas pwoteksyon kont asèlman seksyèl ki pi global epi pi djanm nan nasyon an, ki ap fini yon fwa pou tout ak tout pratik sekrè ak entimidan yo ki te pèmèt konpòtman inakseptab sa pandan twò lontan.

New York pral vin tounen tou premye eta ki mete sou pye nouvèl mezi pou pwoteje fanmi yo kont eliminasyon dediktibilite total sou plan lokal ak eta yo nan lwa fiskal federal devastatris lan — yon flèch ekonomik ki vize kè ekonomi eta a.

Li ap pwoteje tou avni New York ak finansman rekò pou edikasyon, ki melanje ak nouvo refòm ki ap finalman asire transparans ak ekite nan jan yo distribye finansman sa.

Bidjè sa ap bay rezilta tou pou moun ki pi vilnerab pami nou yo, ki gen ladan lokatè NYCHA yo ki te oblije viv nan limon, plon epi san chofaj epi ki te plase an danje akòz yon biwokrasi ki te echwe, ak sila yo ki te gen pou andire enjistis lan ki se Rikers Island.

Ak bidjè sa, nou ap trase yon wout annavan epi ki toujou ap vanse pou ale nan yon pi bon avni pou tout moun New York.”

Gran Pwen yo nan Bidjè Ane Fiskal 2019 lan:

- Depans nan Fon pou Fonksyonman Eta yo se 100.1 milya dola - pou ywityèm ane konsekitif, kenbe kwasans yo a 2 pousan (Fon pou Fonksyonman Eta a ekskli fon Federal ak fon kapital yo).
- Tout depans Fon yo rive 168.3 milya dola pou Ane Fiskal 2019 la.
- Pwoteje moun New York yo kont enplikasyon fiskal federal negatif yo ak nouvo kòd fiskal eta a.
- Kontinye mete an aplikasyon Rediksyon Fiskal Klas Mwayèn pou 4.2 milya dola pou sis milyon moun New York - ki ap fè fanmi yo ekonomize 250 dola an mwayèn ak 700 dola chak ane lè li fin rantre an vigè totalman.
- Ogmante Asistans pou Edikasyon de anviwon 1 milya dola (3.9 pousan), pou rive nan yon kantite rekò total 26.7 milya dola pou ane eskolè 2018-19 lan ak yon ogmantasyon 36 pousan depi 2012.
- Egzije distrik lekòl yo pou yo bay enfòmasyon sou jan yo alwe finansman nan lekòl yo nan objektif pou kapab ogmante transparans.
- Envesti 25 milyon dola pou elaji pwogram lekòl anvan matènèl ak apre lekòl yo.
- Mete sou pye pwogram ki pi agresif nan nasyon an pou konbat asèlman seksyèl.
- Pwolonje peryòd dire tan prezèvasyon pou twousò vyòl mediko-legal yo soti 30 jou pou rive 20 an.
- Enstore pwoteksyon revolisyonè pou asire ke eleksyon New York yo rete san enfliyans ekstèn ak atak enfòmatak.
- Bay nouvo investisman 250 milyon dola istorik nan NYCHA pou bay bon jan kalite kondisyon pou moun viv pou lokatè yo, epi mete sou pye nouvel mezi sipèvizyon yo apati dekrè egzekitif ak jiridik yo.
- Enkli pwojè lwa sou konsepsyon/konstwiksyon pou akselere konstwiksyon nouvel prizon pou ranplase Batiman Prizon Rikers Island lan, pwojè rekonstwiksyon BQE ak NYCHA yo.
- Bay 7.6 milya dola nan sipò Eta a pou edikasyon siperyè nan New York - yon ogmantasyon 1.5 milya dola oswa 25 pousan depi Ane Fiskal 2012 lan.
- Envesti 118 milyon dola pou kapab kontinye ak Bous Eksèsyò ki reyisi an.
- Enkli 1.2 milya dola pou pwogram estratejik yo pou fè inivèsite yo vin pi abòdab, epi ankouraje pi bon etidyan ak sa ki pi briyan yo konstwi avni yo nan New York.
- Etabli yon peman jesyon opyoyid ki se premye nan nasyon an sou pwodikè ak distribitè opyoyid yo pou finans batay kont epidemi opyoyid lan.
- Finance totalman Plan Aksyon Metwo an - sèlman si Vil New York pral finance mwatye plan 836 milyon dola a nan objektif pou kapab fè reparasyon imedyà pou amelyore pèfòmans ak mentnans metwo an.
- Adopte sichaj 2.75 dola a sou machin ki a lwe yo nan sid 96th Street ki nan Manhattan pou ede redwi anbouteyaj, epi etabli pakèt finansman alontèm pou sektè transpò piblik Vil New York lan.
- Elaji pwogram Kamera Bis Vil New York aktyèl lan, elaji orè tan nan jounen an ke pwogram kamera sa ka fonksyone, epi li òdone enstalasyon

omwen 50 nouvèl kamera siveyans pou sikilasyon pou ranfòse vyolasyon sou liy wout yo ki anpeche sèvis transpò masif yo epi kreye anbouteyaj.

Kenbe New York Konpetitif sou Plan Ekonomik

Pwoteje Moun New York yo kont Chanjman Fiskal Federal yo: Lwa fiskal federal ki fèk fin adopte an gen enplikasyon fiskal federal ki negatif pou anpil moun New York. Nan dechèpiye dediktibilite enpo lokal ak eta yo, lwa a efektivman ap ogmante enpo revni eta ak lokatif yo pou fanmi klas mwayèn yo de 20 a 25 pousan. New York ap batay an repons kont plan federal la ansanm ak pèt alafwa dediktibilite enpo revni yo ak dediktibilite enpo lokatif yo. Pou konbat daso an, Bidjè Ane Fiskal 2019 lan:

- **Elaji Kontribisyon Charitab pou Benefisye Moun New York yo:** Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kreye de nouvo Fon Kontribisyon Charitab (Charitable Contribution Funds) ke eta a ap opere pou yo aksepte don pou rezon ki konsène amelyorasyon swen sante ak edikasyon nan New York. Kontribiyab ki detaye dediksyon yo ka reklame kontribisyon charitab sa yo kòm dediksyon nan deklasyon fiskal Federal ak Eta yo. Nenpòt kontribiyab ki ap fè yon don kapab reklame tou yon kredi fiskal Eta ki egal a 85 pousan nan kantite don pou ane fiskal lan apre ke yo fè don an. An plis, pwojè lwa a ap otorize distri lekòl yo ak lòt gouvènman lokal yo pou yo kreye fon charitab yo. Don yo fè nan fon sa yo pral ofri yon rediksyon nan enpo lokatif lokal yo (atravè yon kredi lokal) ki egal a yon pousantaj don an.
- **Kreye Pwogram Depans pou Konpansasyon Patwon (Employer Compensation Expense Program, ECEP) Altènatif:** Byenke refòm taks federal yo te elimine dediktibilite taks Eta ak lokal yo konplètman pou moun yo endividyèlman, yo te epanye biznis yo de limitasyon sa yo. Sou Bidjè Ane Fiskal 2019 lan patwon yo pral kapab chwazi antre nan yon nouvo estrikti ECEP. Anplwayè ki chwazi patisipe yo pral sijè a peye yon enpo 5 pousan sou tout depans salè anyèl ki plis pase 40,000 dola pa anplwaye, sa ap konplètman antre an vigè sou yon peryòd twa ane kòmanse apati dat 1 Janvyè 2019. Sistèm taks sou revni pèsònèl pwogresif la ap rete an plas, epi nouvo kredi taks konrespondan an valè ki nan ECEP a pral redwi taks sou revni pèsònèl sou salè a epi asire kontribiyab Eta a yo ki peye ECEP yo pap santi yon rediksyon nan salè nèt yo.
- **Dezasosye soti nan Kòd Fiskal Federal la:** Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap dezazosye kòd fiskal eta a soti nan kòd fiskal federal la, kote sa nesèsè, pou evite plis pase 1.5 milya dola nan ogmantasyon fiskal Eta a ke yo te pote sèlman apati ogmantasyon nan enpo Federal yo.

Kontinye ak Miz An Aplikasyon Rediksyon Enpo Klas Mwayèn lan (Middle Class Tax Cut): Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. An 2018,

ekonomi mwayèn yo pral totalize 250 dola epi, lè li fin rantre an vigè totalman, sis milyon moun New York pral ekonomi an mwayèn 700 dola chak ane. Yon fwa ke li fin rantre an vigè totalman, nouvo nivo yo pral nan pi ba nivo yo nan plis pase 70 ane - bese soti 6.45 rive 5.5 pousan pou revni ki klase ant 40,000 dola - 150,000 dola ak 6.65 rive 6 pousan pou revni ki klase ant 150,000 dola - 300,000 dola. Nouvo nivo enpo ki pi ba yo pral ekonomize moun New York klas mwayèn yo 4.2 milya dola, chak ane, apati 2025.

Devlope Inisyativ Sèvis Pataje Nan Tout Konte yo (County-Wide Shared Services Initiative) pou Bay Kontribiyab yo Ekonomi: Eta New York pral ajoute sou pwogrè ki te reyalize pou redwi enpo lokatif lokal yo pou plizyè moun New York, epi franchi pwochèn etap annavan pou bay gouvènman lokal yo nouvel zouti pou kapab retounen mete lajan nan pòch fanmi klas mwayèn yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan 225 milyon dola pou finanse aksyon korespondans ekonomi Eta a ki soti nan aksyan sèvis pataje yo ki gen ladan plan ekonomi enpo lokatif yo. Bidjè an ap kontinye tou ak panèl sèvis pataje nan tout konte an yo pandan yon lòt twa ane, epi li ap amande yon obstak legal ki te anpehe lokalite yo pataje kèk sèvis espesifik.

Kreye yon Pwogram Ekonomi Retrèt Volontè: Bidjè an ap otorize Pwogram Ekonomi Chwa Sekirize Eta New York lan (New York State Secure Choice Savings Program) - yon dediksyon IRA nan salè paman anbochaj ki volontè pou anplwaye patwon prive yo ki pa ko ofri plan ekonomi retrèt yo. Pwogram sa pral bay moun New York yo ki aktyèlman pa gen aksè a yon plan retrèt ke patwon an te bay opòtinite an pou ekonomize pou retrèt yo, tout sa pandan ke l'ap soulaje fado sou do patwon New York ki ap patisipe yo ki ap kreye epi sipòte yon plan retrèt poukont yo. Patisipasyon an volontè pou biznis ak anplwaye yo.

Kontinye ak Kredi pou Reparasyon Enpo Lokatif Lokal la (Property Tax Relief Credit): Kredi Enpo Lokatif lan, ki te adopte an 2015, pral bay yon rediksyon mwayèn 380 dola nan enpo lokatif lokal yo bay 2.6 milyon pwopriyetè kay ane sa sèlman. Apati 2019, pwogram lan pral bay yon 1.3 milya dola adisyonèl nan soulajman enpo lokatif yo ak yon kredi mwayen 530 dola.

Envesti nan Ekite Edikasyon

Bidjè Ane Fiskal 2019 lan reflekte angajman djanm eta a nan ekite edikasyon atravè yon ogmantasyon 1 milya dola anyèl nan Asistans pou Edikasyon - kwasans 3.9 pousan - pou rive nan yon kantite rekò total 26.7 milya dola pou ane eskolè 2018-19 lan ak yon ogmantasyon 36 pousan depi 2012.

Mande Transparans nan Depans pou Edikasyon yo: Eta New York depanse plis lajan pa elèv ke nenpòt lòt eta nan nasyon an, epi Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan nouvo pwovizyon pou mande transparans finansman. Sou akò bidjè an, pou ane eskolè 2018-19 lan, 76 gwo distrik lekòl ki resevwa asistans eta a yo ta dwe rapòte enfòmasyon alokasyon finansman nivo lekòl yo bay popilasyon an, SED ak DOB.

Elaji Lekòl Kominotè yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan kontinye ak bourad Eta a pou transfòme lekòl ki gen gwo bezwen nan New York yo pou vin lekòl kominotè. Ane sa, Bidjè a ap ogmante finansman pou lekòl kominotè yo de 50 milyon dola, pou rive yon total 200 milyon dola. Finansman sa ki ogmante an vize distrik ki gen lekòl ki an difikilte yo ak/oswa distrik ki ap eksperimente kwasans konsiderab nan elèv ki sanzabri yo oswa moun ki ap aprann lang Anglè yo. An plis, Bidjè a ap ogmante kantite lajan finansman lekòl kominotè minimòm yo soti 10,000 dola pou rive 75,000 dola.

Pwomouvwa pwogram 1,000 Premye Jou Lavi yo (First 1,000 Days of Life): Bidjè an ap sipòte devlopman yon nouvel inisyativ pou kapab elaji aksè a sèvis yo epi amelyore rezilta sante pou jèn timoun yo ki kouvri pa Medicaid ansanm ak fanmi yo. Etid yo montre ke estrikti bazik sèvo yo devlope nan peryòd 1,000 premye jou lavi yo.

Elaji Aksè a Lekòl Anvan Matènèl yo: Bidjè a gen ladan yon envestisman 15 milyon dola adisyonèl nan lekòl anvan matènèl yo pou agrandi bon jan kalite enstwiksyon lekòl anvan matènèl yo ki dire mwatye jounen ak jounen konplè pou 3,000 timoun ki gen laj twa ak kat an.

Kontinye ak Pwogram Apre Lekòl Empire State la (Empire State After School Program): Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap bay 10 milyon dola pou finanse yon dezyèm faz nan prim Apre Lekòl Empire State yo. Finansman sa yo pral bay swen eskolè apre lekòl a yon 6,250 elèv adisyonèl ki nan kominote ki gen gwo bezwen atravè Eta a. Finansman an pral vize distrik ki gen gwo nivo timoun ki sanzabri yo.

Devlope Lekòl Segondè pou Inivèsite Antisipe yo: Pou kapab ajoute sou reyisit pwogram aktyèl yo, Bidjè a ap garanti yon 9 milyon dola adisyonèl pou kapab kreye 15 nouvo pwogram lekòl segondè pou inivèsite antisipe yo. Ekspansyon sa pral vize kominote ki gen nivo gradyasyon oswa nivo aksè nan inivèsite ki fèb yo, epi li pral aliye ak nouvel lekòl yo ki gen endistri ki gen demann yo.

Elaji Aksè a Edikasyon Siperyè

Investi 7.6 Milya Dola pou Edikasyon Siperyè: Bidjè an ap bay 7.6 milya dola nan sipò Eta a pou edikasyon siperyè nan New York - yon ogmantasyon 1.5 milya dola oswa 25 pousan depi Ane Fiskal 2012 lan. Envestisman sa gen ladan 1.2 milya dola pou pwogram estratejik yo pou fè inivèsite yo vin pi abòdab, epi ankouraje pi bon etidyan ak sa ki pi briyan yo konstwi avni yo nan New York.

Lanse Dezyèm Faz nan Pwogram Frè Ansèyman Gratis Eksèlisyò a (Excelsior Free Tuition Program): Pou ane akademik 2019 lan, nivo bazik elijibilite revni pou Bous Etid Eksèlisyò a pral ogmante, sa ki ap pèmèt moun New York yo ki gen revni fanmi yo ki rive jiska 110,000 dola yo kalifye. Pou kapab kontinye ak pwogram revolisyonè sa, Bidjè a gen ladan 118 milyon dola pou sipòte yon anviwon 27,000 etidyan ki nan pwogram Eksèlisyò a. Ansanm ak lòt sous asistans pou frè ansèyman yo, ki enkli Pwogram Asistans pou Frè Ansèyman Eta New York lan (New York State Tuition Assistance Program) ki jenere an, Bous Etid Eksèlisyò a pral pèmèt anviwon 53 pousan etidyan nan

eta ki nan SUNY ak CUNY a tan konplè yo, oswa plis pase 210,000 abitan New York, pou yo ale nan inivèsite ak frè ansèyman ki gratis lè li fin rantre an vigè totalman.

Ogmante Finansman pou SUNY ak CUNY: Bidjè an ap bay SUNY ak CUNY plis pase 200 milyon dola nan nouvell resous yo pou sipòte operasyon sistèm inivèsite yo pandan ke y'ap kenbe frè ansèyman previzib ki pa chè yo ki ap asire aksè pou tout moun a yon bon jan kalite edikasyon.

Sipòte Etidyan yo Ki Ap Etidye nan Inivèsite Prive New York yo: Bidjè a gen ladan 22.9 milyon dola pou dezyèm faz nan pwogram Prim pou Frè Ansèyman Entansifye a, ki ap bay jiska 6,000 dola nan asistans finansye ki gen ladan finansman konplèman yo ak yon blokaj frè ansèyman yo pou fè inivèsite yo vin pi abòdab pou abitan yo ki ap etidye nan inivèsite prive yo ki nan New York. Pou ankouraje plis patisipasyon, yo te modifiye pwogram lan pou bay plis fleksibilite nan ranpli kondisyon pou inivèsite yo. Bidjè a ap bay tou 4 milyon dola pou elaji Pwogram Bous Syans, Teknoloji, Enjenyeri ak Matematik (Science, Technology, Engineering and Mathematics, STEM) nan Eta New York pou etidyan yo ki ap etidye nan inivèsite prive yo ki nan New York. An plis, Bidjè a gen ladan 30 milyon dola pou sibvansyon konpetitif yo pou sipòte investisman kapital estratejik nan inivèsite ki endepandan yo pou amelyore pwogram akademik yo, ranfòse lavi elèv yo, epi bay avantaj devlopman ekonomik yo pou kominote inivèsite an.

Elaji Enstiti Murphy pou Edikasyon Travayè ak Etid sou Travay lan (Murphy Institute for Worker Education and Labor Studies) pou vin tounen Fakilte pou Etid Travay ak Ibèn CUNY (CUNY School of Labor and Urban Studies): Enstiti Joseph S. Murphy pou Edikasyon Travayè ak Etid sou Travay lan, ke yo te etabli an kolaborasyon ak sendika travay Vil New York yo an 1984 pou reponn a demann pou edikasyon siperyè pou granmoun ki ap travay yo, li kounye a ap bay sèvis a plis pase 1,200 granmoun ak etidyan ki nan laj tradisyonèl yo ki nan sistèm CUNY an nan klas diplòm lisans ak metriz, ak pwogram sètifika yo ki konsantre sou pwoblèm ki an rapò ak travay yo. Enstiti an ap bay pwogram edikasyon siperyè ki nan twa kategori jeneral ki gen ladan yo travay, etid ibèn, ak devlopman edikasyon/mendèv travayè. Bidjè a gen ladan yon investisman 3 milyon dola pou elaji enstiti an pou vin tounen Fakilte pou Etid Travay ak Ibèn CUNY, yon rekonesans a wòl inestimab Enstiti an te jwe nan kominote CUNY an epi kòm yon sant konferans sou travay.

Entèdi Ajans Eta yo Bloke Lisans Pwofesyonèl Endividi Ki Anreta oubyen ki Sispann Peye Prè Etidyan yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan pwojè lwa ki klèman ap entèdi sispansyon lisans pwofesyonèl moun ki an reta oubyen ki sispann peye prè etidyan yo. Kounye a, gen 19 eta ki pèmèt yo bloke yon lisans pwofesyonèl pou moun ki anreta oubyen ki kanpe peye prè etidyan yo, ak yon eta ki pèmèt pou yo bloke lisans chofè yon endividi. Pratik sa sevèman limite kapasite moun yo pou yo sipòte tèt yo ak fanmi yo, epi finalman ranbouse prè etidyan yo, sa ki vini kreye yon espiral lanmò finansye adisyonèl. Lè li klèman entèdi pratik sa a, Bidjè a ap asire ke moun New York aktyèl ak sa nan fiti yo ap resevwa pwoteksyon.

Fè Vanse Kalandriye Fanm yo

Konbat Asèlman Seksyèl: Bidjè an gen ladan pwojè lwa sou divès branch ki ap mennen nan nasyon an pou konbat asèlman seksyèl nan espas travay yo:

- Mande tout kontraktè eta yo pou yo soumèt yon deklarasyon pou di ke yo gen yon politik pou asèlman seksyèl yo, epi pou di ke yo te fòme tout anplwaye yo.
- Anpeche patwon yo itilize yon pwovizyon abitraj obligatwa nan yon kontra travay ki an relasyon a asèlman seksyèl.
- Mande ofisye ak anplwaye yo ki nan leta oswa nenpòt antite piblik yo pou yo ranbouse eta a pou nenpòt peman leta oswa piblik ke yo te fè apre yon jijman pou move zak entansyonèl ki an rapò ak asèlman seksyèl.
- Asire ke yo kapab itilize akò pou pa fè divilgasyon yo sèlman lè kondisyon konfidansyalite an se preferans ekplisit viktim lan.
- Etabli yon politik modèl sou asèlman seksyèl yo, an konsiltasyon ak Depatman Travay lan (Department of Labor, DOL) ak Divizyon Dwa Zimen yo (Division of Human Rights), pou patwon yo adopte oswa itilize pou etabli yon politik similè ki reponn a oswa depase estanda minimòm yo sou politik modèl lan.
- Amande lwa a pou pwoteje antrepriz, anteprez segondè, machann, konsiltan oswa lòt antite ki ap bay sèvis nan espas travay yo kont asèlman seksyèl nan espas travay lan.

Mete Fen nan Ekstòsyon Seksyèl: Bidjè an gen ladan pwojè lwa ki ap ogmante sanksyon aktyèl yo poutèt yon moun oblije yon lòt moun angaje nan kondwit seksyèl akòz menas sou sante, sekirite, biznis, kondisyon finansye, repitasyon oswa relasyon pèsonèl yo.

Pwolonje Dire Peryòd Prezèvasyon pou Twouso pou Vyòl yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan yon pwojè lwa pou pwolonje peryòd dire tan ke yo prezève twouso koleksyon evidans enfraksyon seksyèl yo soti 30 jou pou rive 20 ane, e bay jistis a sivivan yo.

Retounen Otorize Pwojè Lwa sou Pwogram MWBE a: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap pwolonje Pwogram Antrepriz Biznis Ki Se Pwopriyete Fanm yo ak Minorite Eta a (Minority and Women-owned Business Enterprise Program), ki ta dwe ekspire ane sa, pou yon lòt ane.

Asire Aksè Egal Ego a Estasyon pou Chanje Kouchèt nan Estasyon Twalèt Piblik yo epi Bay Aksè a Sal pou Bay Bebe Tete yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap amande Kòd Batiman Inifòm New York lan pou mande tout nouvo batiman oswa batiman ki renove yon nivo konsiderab yo pou yo gen twalèt ki aksesib, pou bay tab ki sekirize epi ki apwopriye pou moun chanje kouchèt. Tab pou chanje kouchèt yo ap disponib pou gason ak fanm, e dwe gen omwen yon tab pou chanje kouchèt ki aksesib a tou de sèks yo nan chak etaj ki aksesib pou piblik la. An plis, Bidjè a egzije pou gen sal pou moun

bay bebe tete nan kèk batiman leta, epi otorize yon etid sou granmoun ki ap chanje etablisman yo.

Entèdi Kontak Seksyèl Ant Ofisye Lapolis yo ak Moun ki nan Detansyon yo: Yo te entèdi moun ki anprizone yo bay konsantman a ofisye korksyonèl yo oswa ofisye libète kondisyonèl yo sou lwa aktyèl lan. Sa ap ede redwi abi ak asèlman seksyèl sou sila yo ki nan pozisyon chèf yo ki ap sipèvize moun ki sou detansyon yo. Ofisye lapolis yo, nan yon echapatwa flagran pou lwa a, yo pa enkli nan lis sa. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap korije feblès sa ki nan lwa a nan enkli klèman ofisye lapolis yo, epi entèdi kontak seksyèl ak sila yo ki sou detansyon yo.

Fè li pi Fasil pou Jwenn Sèvis IVF ak Prezèvasyon Fètilite: Daprè lwa aktyèl la, tout plan asirans medikal komèsyal yo gen garanti pou pifò nan sèvis medikal pou esterilite yo. Fekondasyon in-vitro se yon eksepsyon prensipal. Sipè-Entandan Sèvis Finansye yo (Financial Services) li pral fè analiz nan kouvèti fètilizasyon a vit yo pou ede asire ke moun New York yo gen aksè a sèvis tretman pou enfètilite ak prezèvasyon fètilite yo kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa kondisyon konjigal yo.

Ogmante Finansman Eta a pou Bay Fanmi yo Swen pou Timoun ki

Abòdab: Sibvansyon pou swen timoun ede paran yo, ak moun k ap pran swen timoun yo, peye pou kèk oswa tout depans pou swen timoun. Fanmi yo kalifye pou asistans finansye si yo reponn a kritè sou revni ba Eta a, epi yo bezwen gadri pou al travay, pou chèche travay, oswa pou patisipe nan fòmasyon travay. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap ogmante sipò Eta a pou sibvansyon pou swen timoun yo de 7 milyon dola an plis ke nivo finansman Bidjè Ane Fiskal 2018 lan, epi li pwograme nouvo finansman federal pou mete yon 10 milyon dola adisyonèl ki disponib pou sibvansyon pou swen timoun, retabli rediksyon resan yo epi kenbe yon nivo finansman rekò.

Kontinye ak Kredi Fiskal pou Swen Timoun ki Entansifye (Enhanced Child Care Tax Credit) pou Fanmi Klas Mwayèn yo: Kredi Fiskal pou Swen Timoun Klas Mwayèn Entansifye 2017 lan ap diminye depans pou swen timoun yo pou fanmi ki ap travay yo. Ekspansyon sa a plis pase double benefis pou 200,000 fanmi. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan reflekte premye ane Kredi Fiskal pou Swen Timoun Entansifye yo pou fanmi ki ap travay yo pou kontinye redwi depans pou fanmi yo, epi pou sipòte nesèsite pou paran ki ap travay yo.

Asire Aksè a Pwodwi pou Règ nan Lekòl Leta yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan pwojè lwa ki ap mande tout lekòl piblik yo, eksepte pou lekòl sou kontra yo, pou bay pwodwi ijyenik feminin ki gratis, nan twalèt yo, pou elèv ki nan klas 6èm rive 12èm. Pwodwi ijyenik feminin yo nesèsè menm jan ak papyè twalèt ak savon, men yo difisilman disponib oswa gratis. A 7 pou rive 10 dola pa pake, yon pwovizyon pou yon mwa pou yon bagay ki senp menm jan ak yon bwat sèvyèt ijyenik oswa tanpon yo kapab yon depans an twòp pou fanmi ki an difikilte yo. Pwojè lwa nan Bidjè sa ap fè Eta New York vin yon lidè nan abòde pwoblèm sa sou inegalite ak estigma.

Ajoute Ekspè nan domèn Sante Fanm ak Inegalite onivo Lasante osen Komisyon Medsin Eta a (State Board of Medicine): Pwojè lwa nan Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap mande pou youn nan doktè ki nan Komisyon Medsin Eta a se youn ekspè sou sante fanm, epi pou youn nan doktè yo se youn ekspè sou inegalite sou plan sante.

Bay Kouvèti Asirans Sante pou Moun Ki Ap Fè Don Lèt Tete yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan pwojè lwa pou asire kouvèti asirans sante pou moun ki ap fè don lèt tete yo pou ti bebe yo, espesyalman ti bebe ki prematire oswa fèt twò bonè yo, ki pa gen lèt tete matènèl pou kapab jwenn tout oswa kèk bezwen nitritif yo.

Pou Sispann Inegalite onivo Sèks nan Bay Elèv ki Pi Jèn yo Aksè a Edikasyon sou Syans Enfòmatrik: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap etabli yon gwoup ki ap travay pou revize estanda edikasyon sou syans enfòmatrik yo, epi kreye modèl bouyon pou estanda syans enfòmatrik yo pou lekòl matènèl pou rive nan klas 12èm.

Envesti 250 milyon dola nan NYCHA pou bay Lokatè yo Pouvwà

Pandan peryòd negosyasyon sou bidjè a, Gouvènè a ak lidè lejislatif yo te diskite sou kondisyon estòk lojman NYCHA yo, ak sèvis ke yo ap bay abitan yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap gen ladan yon 250 milyon dola adisyonèl pou amelyore kalite kondisyon lavi pou abitan NYCHA yo, epi li ap bay yon pwosesis ke yo ka itilize pou verifye deplwaman finansman kapital yo yon fason ki apwopriye. Pou kapab akselere reparasyon nan etablisman NYCHA yo, Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan pwojè lwa sou konsepsyon/konstwiksyon. Envestisman rekò sa ap mennen finansman eta total lan pou NYCHA rive 550 milyon dola.

Akselere Pwojè Ki Enpòtan Anpil yo Rive nan Konsepsyon/Konstwiksyon

Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan pwojè lwa sou konsepsyon/konstwiksyon pou konstwiksyon nouvel prizon pou ranplase Batiman Prizon Rikers Island lan, pwojè rekonstwiksyon Brooklyn Queens Expressway ak NYCHA yo. Kòm yon konsekans otorizasyon pou konsepsyon/konstwiksyon, Vil lan pral evite reta konsiderab nan konstwiksyon epi li pral reyalize ekonomi ki depase 1 milya dola.

Envesti nan Enfrastrikti Transpò 21èm Syèk yo

Sipòte Plan Aksyon Metwo MTA a: Plan Aksyon Metwo MTA global pou 836 milyon dola a pral a abòde pwoblèm entèripsyon sistèm yo, pàn yo, reta yo ak sèvis kliyantèl ki ap deteryore, epi pozisyon sistèm lan pou modènizasyon fiti. Bidjè a ap finanse totalman Plan Aksyon Metwo an pou vanse ak reparasyon ki nesèsè anpil yo, ak Vil lan ki gen nesèsite pou bay mwatye finansman an pou plan an. MTA pral kòmanse resevwa finansman sa an Avril epi li pral resevwa finansman total lan apati fen ane 2018.

Adopte yon Sichaj 2.75 dola sou Veyikil Ki A Lwe yo: Pou kapab etabli yon seri finansman alontèm pou MTA a epi pou redwi anbouteyaj veyikil motorize yo, Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap adopte yon sichaj sou veyikil ki a lwe yo ki pi ba 96th Street. Sichaj

lan se 2.75 dola pou veyikil ki a lwe yo, 2.50 dola pou taksi kabin ki jòn yo, ak 0.75 dola pou vwayaj an gwoup yo. Finansman sa pral ale nan “kazye klete” MTA a, epi li pral bay finansman alontèm pou kenbe Plan Aksyon Metwo a, amelyorasyon transpò nan awondisman ekstèn yo, menm jan ak yon kont pou transpò jeneral Vil New York.

Bay Omwen 50 Nouvèl Kamera pou Ranfòsman Liy Bis yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan pral ede redwi imedyatman anbouteyaj sikilasyon yo ki nan Distrik Biznis Santral Manhattan lan, nan òdone MTA pou li ekipe bis SBS Transpò Vil New York (New York City Transit) ki pi ba 96th Street yo ak omwen 50 nouvèl kamera siveyans pou sikilasyon pou ranfòse vyolasyon liy bis yo. Chofè ak kamyon livrezon yo ki ap bloke liy bis ki devwe yo se kontribitè konsiderab nan reta bis yo ak anbouteyaj nan sikilasyon yo.

Transfere Rèvni Enpo Mobilite Rejis Peyaj yo (Payroll Mobility Tax, PMT) Dirèkteman bay MTA a: Eta a aktyèlman ap fè kòlèk epi dekese Enpo Mobilite Rejis Peyaj yo (Payroll Mobility Tax, PMT) bay MTA a. Bidjè a ap amande lwa a pou ke yo kapab bay otorite yo finansman an dirèkteman. Nan elimine apwopriyasyon sa ki pa nesèsè an pa Kò Lejislatif Eta a sa pral benefisye MTA a paske revni PMT a ki angaje pou obligatè yo sou nouvo kredi an pa pral gen danje pou pa gen apwopriyasyon, epi MTA a pral resevwa resi PMT yo nan yon fason ki pi rapid.

Amelyore Sekirite Piblik nan Penn Station: Etablisman ki nan Penn Station yo antikite, yo reponn a nesèsite transpò ak sekirite piblik aktyèl yo yon fason ki pa apwopriye, epi yo prezante yon danje sekirite piblik ki derezonab. Eta a pral kowòdone ansanm ak MTA a epi konsilte ak lidè kominote yo, gwoup biznis yo, ak gouvènman federal ak vil yo pou elabore yon solisyon.

Kòmanse ak Sèvis yo sou Lyen Transpò Lower Hudson lan: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap apwopriye 8 milyon dola pou pèmèt Lyen Transpò Lower Hudson lan (Lower Hudson Transit Link) pou kòmanse ak sèvis bis yo sou tout Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a an 2018.

Mentni Angajman Rekò anvè Otowout ak Pon Lokal yo ak Transpò Piblik yo: Yo mentni finansman pou Pwogram Amelyorasyon Otowout Ki Konsolide a (Consolidated Highway Improvement Program, CHIPS) ak pwogram Marchiselli an nan nivo 477.8 milyon dola, epi yo mentni pwogram lokal PAVE NY ak pwogram BRIDGE NY yo chak nan nivo 100 milyon dola,. Bidjè a gen ladan tou, an plis de kantite lajan ke yo te planifye anvan an, 65 milyon dola pou reparasyon otowout nan rekipasyon apre sezon ivènal ekstrèm yo, ak tou 20 milyon dola nan finansman kapital, ak 5 milyon dola nan finansman pou fonksyonman pou sistèm transpò yo ki atravè eta a epi ki pa MTA.

Ranfòse Kalandriye Demokrasi a

Ogmante Transparans Piblisite Politik sou Entènèt yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap elaji definisyon kominikasyon politik Eta New York lan pou enkli piblisite sou entènèt ak piblisite dijital peye yo, egzije platfòm dijital yo pou yo kenbe yon dosye piblik pou tout

piblisite politik yon moun oswa yon gwoup te achte pou yo pibliye sou platfòm lan, epi egzije platfòm entènèt yo pou yo verifye ke moun ak antite etranje yo pa'p achte piblisite politik yo pou kapab enfluyans elektora Ameriken an.

Ranfòse Enfrastrikti Eleksyon yo pou Defann Kont Atak Enfòmatrik yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan 5 milyon dola pou mete sou pye yon estrateji ki gen kat branch pou kapab ranfòse pi plis pwoteksyon enfòmatrik pou enfrastrikti eleksyon New York yo: kreye yon Sant Sipò pou Eleksyon (Election Support Center), devlope yon Twouso Sekirite Enfòmatrik pou Eleksyon, bay evalyasyon sou vilnerabilite danje enfòmatrik yo pou Konsèy Elektoral Eta ak Konte yo, epi mande Konsèy Elektoral Konte yo pou rapòte vòl enfòmasyon yo bay otorite nan Eta yo.

Etabli yon Komisyon pou Peman Eta

Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap sipòte etablisman yon Komisyon pou Peman Eta, ki pral enkli Jij an Chèf ki nan Tribinal Apèl lan ak Eta New York, Kontwolè Eta New York, Kontwolè Vil New York, yon ansyen Kontwolè Vil New York, ak yon ansyen Kontwolè Eta New York. Komisyon an pral egzamine epi deside sa ke salè ki apwopriye an ta dwe ye pou anplwaye ki nan kò lejislatif eta yo ak kèk anplwaye egzekitif.

Asire Ke Okenn Elèv Pa Rete Grangou

Bidjè an gen ladan pwojè lwa ak finansman adisyonèl pou lanse yon pwogram global ki rele Okenn Elèv Pa Rete Grangou (No Student Goes Hungry): gwo inisyativ pou bay elèv tout laj yo, tout sitiyasyon ak kondisyon ekonomik yo, aksè a manje ki bon pou sante ki soti nan sous lokal yo pou abòde pwoblèm grangou timoun yo. Lè li lanse pwogram lan, Eta a pral bay elèv ki nan bezwen yo bon jan kalite manje ki kiltive sou plan lokal, ki pral sipòte yon ekperyans aprantisaj ki amelyore pou timoun tout laj yo.

Pwogram lan pral:

- Entèdi yo fè moun wont akòz manje yo, yon pratik ki nan kèt lekòl kote yo konn separe timoun yo, bay yon pla manje ki pi piti, oswa otreman trete yo yon fason diferan poutèt yo pa gen lajan pou yon manje.
- Sipòte dejene apre klòch la sonnen pou fè dejene vin aksesib pou elèv yo apre ke jounen eskolè a te kòmanse.
- Agrandi Pwogram “Soti nan Fèm rive Lekòl” la (Farm to School)
- Ankouraje itilizasyon nan lekòl yo manje fre ki soti nan fèm, ke yo te kiltive sou plan lokal

Defann Dwa Imigran yo

Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kontinye ak Pwojè Defans Libète (Liberty Defense Project) ki se premye nan nasyon an. Ane pase, Eta a te lanse Pwojè Defans Libète a, ki se yon fon defans legal piblik-prive ke Eta a dirije pou asire ke tout imigran yo, kèlkeswa kondisyon yo, gen aksè a bon jan kalite konsiltasyon legal yo. An patenarya ak founisè

sèvis legal san bi likratif ki ap mennen yo, pwojè a te elaji yon fason konsiderab disponibilite avoka imigrasyon yo atravè eta a. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan gen ladan yon investisman pou asire ke Pwojè Defans Libète a kontinye kenbe epi devlope rezo founisè sèvis legal yo ki ap bay sèvis ki enpòtan anpil sa yo an defans a kominote imigran nou yo.

Koupe Liy Rekritman pou Kapab Eradike MS-13

MS-13 se yon gang kriminel entènasyonal ki te parèt Ozetazini nan ane 1980 yo. Yo angaje nan yon pakèt seri aktivite kriminel epi yo vyolan nan yon fason eksepsyonèl, ki souvan yo angaje yo nan aksyon vyolans brital pou yo ka senpleman ogmante repitasyon gang lan. Malgre to krim vyolan ki ap bese drastikman nan Long Island pandan plizyè ane ki sot pase yo, yo te dekouvri yon ogmantasyon lejè nan krim vyolan yo ki relye a gang sa. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap sipòte yon estrateji global pou 16 milyon dola pou kapab bay jèn ki an danje nan Long Island yo plis aksè a pwogram sosyal yo ak alènativ pou yo pa antre nan aktivite gang yo. Pwogram lan pral:

- Elaji pwogram apre lekòl yo nan zòn ki gen anpil aktivite gang yo.
- Elaji opòtinite travay ak fòmasyon pwofesyonèl pou jèn moun yo.
- Bay elèv yo edikasyon sou prevansyon pou gang yo.
- Angrandi sèvis sipò global pou jèn moun ki an danje yo, espesyalman timoun ki se imigran yo - ki gen ladan jesyon ka global yo, ki gen yon fokus sou timoun ki san akonpayman ki ap antre Etazini yo.
- Deplwaye yon Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Team) nan Long Island ki ap gen ladan yo sis Manm Patwouy Eta a, twa anketè, yon anketè siperyè ak yon sipèvizè pou idantifye epi angaje kote ki gen plis aktivite gang yo, oswa reponn a demann depatmantal ak kominotè pou sèvis ki ogmante yo.

Efò ki Ap Mennen Nan Nasyon an pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo

Depatman Travay Eta New York lan te yon lidè nasyonal nan pwosè ka vòl salaryal yo ak rekipasyon fon yo. Depi an 2011, ajans lan te rekipere plis pase nenpòt lòt eta - yon ka (1/4) nan yon milya dola - epi remèt lajan sa bay plis pase 215,000 travayè ki te viktim vòl salaryal yo. Ak yon pèsònèl ki gen 110 anketè, yonn nan pi gwo DOL nan nasyon an te pran devan nan pwoteje travayè yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap investi yon 1 milyon dola adisyonèl pou pèmèt yo anboche anketè adisyonèl, ki ap asire ke yo retounen mete lajan nan pòch travayè yo pi rapid posib.

Pwoteje Sante ak Sekirite Kominote nou yo

Etabli yon Fon Jesyon pou Opyoyid ki se Premye nan Nasyon an: Eta New Eta a, tankou pifò nan peyi a, ap goumen epidemik opiyoyid atwòs. Bidjè a ap kreye yon pwogram jesyon opiyoyid ak yon fon 100 milyon dola pou yo itilize pou depans pou sèvis prevansyon, tretman, ak rekipasyon ki ap kontinye epi ogmante yo pou moun ki gen yon

twoub abi sibstans. Langaj nan bidjè a ap asire endistri an responsab pou depans yo, men pa konsomatè yo.

Konbat Epidemi Ewoyin ak Opyoyid lan: Y ap itilize plis pase 200 milyon dola finansman pou abòde kriz ewoyin ak opyoyid la. Bidjè a gen ladan yon ogmantasyon de plis pase 30 milyon dola (5 pousan) nan operasyon ak sipò kapital pou OASAS pou kontinye amelyore pwogram prevansyon, tretman ak rekipasyon yo, opòtinite sèvis rezidansyèl yo, ak aktivite sansibilizasyon piblik ak edikatif yo.

Tabli Fon pou Ensifizans Swen Sante a: Bidjè tabli yon fon pou asire kontinye gen disponiblite ak agrandisman finansman pou bon jan kalite sèvis sante pou rezidan Eta New York la yo epi pou atenyè risk ki asosye ak pèt fon Federal yo. Fon an pral inisyalman resevwa fon k ap soti nan nenpòt konvèsyon konpayi asirans yo oswa tranzaksyon similè.

Lanse Yon Plan Global Pou Atake Sitiyasyon Sanzabri yo

Kontinye Inisyativ 20 Milya Dola a pou Sèvis ak Lojman Abòdab ak Lojman pou Sanzabri yo: Bidjè a kontinye sipòte kreyasyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman sipèvize.

Ogmante Sèvis Sante mantal ak Sèvis Twoub Itilizasyon Sibstans yo pou Moun ki Sanzabri yo: Pou kapab ranfòse sèvisabri pou moun ki sanzabri yo ki ap viv ak maladi mantal yo nanabri sanzabri aktyèl yo, Eta a ap òdone Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) pou yo travay ansanm pou asire ke ekip Tretman Kominotè Asètif yo konekte akabri aktyèl yo, pou ke moun ki gen maladi mantal yo kapab aksede a tretman ki nesèsè yo. An plis, Biwo pou Sèvis Alkolis ak Abi Sibstans (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services) yo pral fè sèvis tretman abi sibstans ke konpayon yo delivre sou plas yo pral disponib nan 14abri aktyèl atravè eta a.

Egzije Sansibilizasyon ak yon Plan Sèvis pou Sanzabri Global nan Chak Distrik Sèvis Sosyal Lokal yo: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan mande tout distrik sèvis sosyal lokal yo pou yo devlope epi mete sou pye yon plan sansibilizasyon ak sèvis ki apwouve pou abòde sitiyasyon sanzabri ki nan lari.

Kontinye ak Efò pou Soulajman ak Rekipasyon sou tout Lak Ontario ak Rivaj Rivyè St. Lawrence

Bidjè a gen ladan yon 40 milyon dola adisyonèl, ki ap mennen angajman total lan rive 95 milyon dola, pou ede fanmi yo ki sou tout Lak Ontario ak Rivaj Rivyè St. Lawrence pou yo ka rekipere de inondasyon ki te dire pandan tout mwa yo, epi pou kapab rekonstwi pi djanm epi pi entelijan ke anvan. Konte ki te afekte yo gen ladan yo Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, St. Lawrence, Wayne, Cayuga ak Oswego.

Pwoteje Anviwònman an pou Jenerasyon Fiti yo

Fin Konplete Hudson River Park: Bidjè a gen ladan 50 milyon dola nan finansman kapital pou Hudson River Park, ki pral ede akonpli angajman Eta a te pran pou konplete pak lan. Bidjè a gen ladan langaj pou kapab asire ke Vil New York ap fè investisman pwogresif epi ki koresponn ki nesèsè yo pou reyalize travay lan. An plis, Eta a pral kontinye fasilite patenarya piblik-prive yo, pandan ke l'ap asire ke Plan Jesyon Estyè a (Estuary Management Plan) fin konplete epi ke yo pwoteje sanktyè marin lan.

Atake Flè Alg Ki Danjere yo: Apati itilizasyon resous ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act) ak Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund, EPF), Eta a pral mete sou pye yon inisyativ pou 65 milyon dola pou konbat flè alg ki danjere yo nan kouch dlo Rejyon Nò New York yo. Yo pral itilize resous yo pou devlope plan aksyon ki pou redwi sous polisyon yo ki favorize flè alg yo, epi bay sibvansyon finansman pou kapab reyalize plan aksyon yo, ki enkli enstalasyon nouvèl teknoloji siveyans ak tretman yo.

Kontinye ak Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap kontinye ak investisman istorik 2.5 milya dola sou plizyè ane ke Eta a te fè nan enfrastrikti dlo potab yo ak mezi pwoteksyon sous dlo yo, ki pral pwoteje anviwònman an epi ranfòse byennèt ak sante kominote yo.

Renouve Finansman Rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la: Bidjè a kontinye finansman EPF a nan 300 milyon dola, ki se nivo finansman ki pi elve nan istwa pwogram nan.

Sipèvize Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan (Niagara Falls Wastewater Treatment Facility): Bidjè a ap envesti 20 milyon dola pou kapab lanse premye faz nan amelyorasyon enfrastrikti global ak operasyonèl yo nan Etablisman Tretman Dlo Ize Niagara Falls lan.

Agrandi Pwogram Travay pou Jèn New York yo (New York Youth Jobs Program)

Pwogram Travay pou Jèn New York yo li ap ankouraje biznis yo anboche jèn moun ki nan chomaj, ki defavorize, ki gen laj ant 16 ak 24 an, ki ap viv nan Eta New York, ak yon fokis sou vil ak komin ke nou pral site la yo: Albany, Buffalo, New York, Rochester, Schenectady, Syracuse, Mount Vernon, New Rochelle, Utica, White Plains, Yonkers, Brookhaven ak Hempstead. Gras a reyisit pwogram lan, ki te ede konekte 31,000 jèn moun ak pòs travay yo, Bidjè a ap ogmante kantite kredi yo de 50 pousan, soti 500 dola pou rive 750 dola pa mwa pandan jiska sis premye mwa yo, epi soti 2,000 dola pou rive 3,000 dola pou chak anplwaye ke yo anboche pou peryòd tan adisyonèl apre sis mwa yo ak yon kredi anbochaj a tan konplè pou 7,500 dola maksimòm.

Estimile Kwasans ak Devlopman Ekonomik

Kontinye Vanse Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Reyisi yo: An 2011, Eta a te etabli 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) yo pou devlope plan devlopman ekonomik estratejik rejyonal alontèm yo. Bidjè a gen ladan finansman kapital ak kredi enpo prensipal yo ki pral konbine ak yon seri varyete pwogram ki egziste deja nan ajans yo pou ywityèm faz prim REDC yo ki ap totalize 750 milyon dola.

Lanse Pwochèn Faz Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative): Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap bay 100 milyon dola pou Twazyèm Faz nan Pwogram Revitalizasyon Anba Lavi la.

Kreye Fon Atraksyon Fotonik lan nan Rochester: Eta New York la pral dedye 30 milyon dola nan yon Fon Atraksyon Fotonik (Photonics Attraction Fund), Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes la ap jere, pou atire konpayi fotonik entegre yo pou vin mete operasyon manifakti yo nan rejyon metwopolitèn Rochester a. Gras a konsòsyòm ki renonme mondyal AIM Photonics la, rejyon Finger Lakes la deja yon lidè nan rechèch ak devlopman fotonik, epi finansman adisyonèl sa Eta ap bay la pral ede rantabilize resous inik sa a pou pote biznis ak djòb demen yo nan Eta New York la.

Fè Vanse Pwodiksyon Chanv Endistriyèl la: Eta a pral kontinye investisman nan rechèch, pwodiksyon, ak tretman Chanv yo te fè nan Bidjè Ane Fiskal 2018 la atravè yon pwogram konsète apwofondi. Bidjè Ane Fiskal 2019 la bay 650,000 dola pou yon tou nouvo etablisman pou tretman chanv nan rejyon Southern Tier la k ap koute 3.2 milyon dola. Eta New York la pral enpòte anpil milye liv semans chanv endistriyèl, asire agrikiltè yo gen aksè a bon jan kalite pwodwi epi redwi fado administratif sou agrikiltè yo. Anplis de sa, Eta New York la pral investi 2 milyon dola adisyonèl nan pwogram sètifikasyon semans ak elvaj, pou kòmanse pwodiksyon semans inik New York la. Finalman, New York pral akeyi Fowòm Rechèch sou Chanv Endistriyèl la (Industrial Hemp Research Forum) an Fevriye, k ap reyini chèchè ak akademisyen yo ansanm ak biznis ak transfòmateur yo pou yo devlope fason pou yo plis ranfòse rechèch sou endistri a nan New York.

Atire Investisman nan Syans Lavi yo: Bidjè an gen ladan 600 milyon dola pou sipòte konstwiksyon yon laboratwa sante piblik syans lavi ki modèn, klas mondyal, ki nan Distrik Kapital la ki pral pwomouvwa patenarya devlopman ak rechèch piblik/privè yo.

Pwolonje epi Ranfòse Kredi Fiskal Reyabilitasyon Istorik lan: Akò nan Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap retounen otorize pwogram kredi fiskal reyabilitasyon Komèsyal ak Pwopriyete Kay Eta a yo pou rive 2025, epi li ap pèmèt yo itilize kredi komèsyal Eta a yo endepandaman de kredi federal lan.

Investi nan Otorite Devlopman Olenpik Rejyonal la (Olympic Regional Development Authority, ORDA): Bidjè a gen ladan 62.5 milyon dola nan nouvo

finansman kapital pou ORDA, ki gen ladan 50 milyon dola pou yon plan amelyorasyon ak modènizasyon estratejik pou sipòte amelyorasyon k ap fèt nan etablisman Olenpik ak sant eski yo, 10 milyon dola pou antretyen enpòtan ak modènizasyon efikasite enèji yo, ak 2.5 milyon dola yo apwopriye soti nan bidjè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la nan kad inisyativ New York Ap Travay (New York Works) la.

Amelyore Ebèjman nan Rejyon North Country a: Eta a pral bay rejyon North Country a zouti ak resous yo bezwen pou yo ranfòse touris nan North Country ak katalize investisman prive nan ebèjman. Empire State Development pral kòmande yon etid pou idantifye opòtinite pou devlopman ebèjman nan rejyon Adirondacks ak Thousand Island yo, epi founi 13 milyon dola nan finansman kapital atravè REDC yo ak Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò a (Upstate Revitalization Initiative) pou estimile aktivite redevlopman.

Etabli Inisyativ Mendèv 175 Milyon Dola a: Bidjè Ane Fiskal 2019 lan ap etabli yon nouvell apwòch pou investisman nan mendèv yo ki ta pral sipòte efò rejyonal estratejik yo ki reponn a bezwen nan mendèv akoutèm biznis yo, amelyore liy ravitayman talan rejyonal yo, elaji estaj pou apranti yo, epi abòde bezwen alontèm pou endistri ki ap agrandi yo—avèk yon konsantrasyon patikilye sou domèn ki ap emèje yo ki gen deplizanpli demann pou pòs travay tankou enèji pwòp ak teknoloji. Fon yo pral sipòte tou efò pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn moun, ak lòt popilasyon ki ap fè fas a obstak konsiderab a avansman karyè yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)